

**GAYA, TANDHA, LAN MAKNANE TETEMBUNGAN SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN
KIDUNG LINGSIR WENGI ANGGITANE SUHARMONO KASIYUN
(TINTINGAN SEMIOTIKA CHARLES SANDERS PEIRCE)**

Siti Mardliyah

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
sitimardliyah@mhs.unesa.ac.id

Drs. H. Bambang Purnomo, M.S

Dosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Karya sastra mujudake asil pamikirane manungsa kang nggambareke pengalaman lan urip sajrone bebrayan. Karya sastra Jawa yaiku karya sastra sing nggunakake basa Jawa. Karya sastra iku minangka gambaran salah sawijine kahanan ing alam donya sing wis diolah kanthi imajinasine pangarang. Geguritan kalebu struktur kang kompleks, kanggo mahami isi salah sawijine geguritan kudu nganalisis geguritan kasebut. Analisis struktur geguritan yaiku analisis marang unsur-unsur, lan panjlentrehane saben unsur iku nduweni makna kang sesambungan yen digabungake karo unsur liyane.

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, underan panliten iki yaiku: 1) kepriye wujud geguritan sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K?, 2) kepriye wujud trikotomi miturut Charles Sanders Peirce sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K?, lan 3) kepriye titikan geguritan anggitane Suharmono K?. Tujuwan panliten iki yaiku: 1) kanggo njlentrehake wujud geguritan sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K, 2) kanggo njlentrehake wujud trikotomi miturut Charles Sanders Peirce sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K, lan 3) kanggo mangerteni titikan geguritan anggitane Suharmono K.

Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori semiotika dening Charles Sanders Peirce. Peirce ngerembakake teori semiotika kang sesambungan antarane *represantement*, objek, lan *interpretant* kang aran trikotomi tandha. Trikotomi kasebut awujud trikotomi kapisan kang sesambungan karo *represantemen*, trikotomi kapindho kang sesambungan karo objek, lan trikotomi katelu sesambungan karo *interpretant*. Trikotomi kapisan diperang dadi telu, yaiku *qualisigns*, *sinsigns*, lan *legisign*. Trikotomi kapindho diperang dadi telu, yaiku *ikon*, *indeks*, lan *simbol*. Trikotomi katelu diperang adadi telu, yaiku *rheme*, *dicent*, lan *argument*.

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten yaiku antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K. Paedah panliten iki tumrap pamaca bisa nambah pamawas, tumrape panliti lan piwulangan sastra mligine mahasiswa, bisa dadi medhia tambahan utawa kajian pustaka tambahan sajrone piwulangan lan panliten basa lan sastra.

Asile panliten iki ngandharake: 1) wujuding geguritan sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K kang awujud pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewanning basa, lan *citraan*. Pamilihing tembung saka asli panliten awujud tembung-tembung basa Jawa anyar, lan uga nyampurake tetembungan basa kawi kanggo nuwuhake kaedahane geguritan. *Retorika* saka asil panliten awujud awujud *retorikatautologi*, *personifikasi*, *enumerasi*, *pleonasme*, *hiperbolika*, lan *paralelisme*. Lelewanning basa saka asil panliten awujud purwa kanthi guru sastra (*aliterasi*), purwakanthi guru swara (*asonansi*), lan purwakanthi guru lumaksita. Dene *citraan* saka asil panliten awujud *citraan kinaesthetic*, *citraan organic*, *citraan pangambu*, *citraan pangrungu*, *citraan paningal*, lan *citraan pangechap*. 2) wujud trikotomi tandha sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K ana telu kang awujud trikotomi kapisan, trikotomi kapindho, lan trikotomi katelu. Trikotomi kapisan sesambungan karo *represantemen*, kang diperang dadi telu yaiku *qualisign*, *sinsign*, lan *legisign*. Trikotomi kapindho sesambungan karo objek, kang diperang dadi telu yaiku *ikon*, *indeks*, lan *simbol*. Trikotomi katelu sesambungan karo *interpretant*, diperang dadi telu yaiku *rheme*, *dicent*, lan *argument*. 3) titikan geguritan anggitane Suharmono K bisa kadeleng saka basa kang digunakake, tata panulisan, gaya, lan tandha sajrone geguritan.

Tembung wigati: trikotomi tandha, geguritan

PURWAKA

Sajrone bab purwaka panliten iki ana saperangan sub bab kang njlentrehake ngenani lelandhesan panliten,

underan panliten, tujuwan panliten, paedahe panliten, lan wewatesane tetembungan

Lelandhesane Panliten

Puisi ing kasusastran Jawa ana wiwit jaman Jawa kuno nganti jaman Jawa modhern. Wujud puisi ing jaman Jawa kuno diarani kakawin. Kakawin iki wujud puisi kang nggunakake metrum India. Basa kang digunakake isih basa Jawa kuno. Nalika mlebu ing periodhe Jawa pertengahan puisine diarani kidung, basa kang digunakake basa Jawa pertengahan, kadhang uga diarani puisi Jawa pertengahan. Puisi Jawa anyar diarani tembang, basane nggunakake basa Jawa anyar lan kaiket karo paugeran tembang. Wujud puisi Jawa modern yaiku geguritan, basane uga nggunakake basa Jawa anyar nanging wis ora kaiket karo paugeran utawa kadang diarani *puisi bebas*.

Asil kreatifitas para penyair nalika ngripta puisi nuwuhake maneka werna jinise puisi sajrone sastra Jawa. Para pengarang kudu nduweni kaprigelan lan tembung-tembung kang becik kanggo ngarang puisi. Wujud puisi Jawa Modern yaiku geguritan. Geguritan asale saka tembung “gurit” tegese tulisan kang awujud tatahan, “nggurit” ateges ngarang tembang utawa kidung, utawa rerepen (Padmosoekotjo, 1953:66). Geguritan iku wujud puisi kang ora kaiket dening paugeran tartamtu, kaya dene puisi tradisional kaya ta kakawin, kidung, lan tembang macapat. Nggunakake basa Jawa Modern. Geguritan sajrone kasusastran Jawa Modern anane bebarengan karo cerkak lan novel. Nulis geguritan ora padha karo nulis novel lan cerkak. inspirasi nulis geguritan iku asil saka pengalaman lan spiritual kang dialami pengarang, sing asil saka pribadhine pengarang dhewe.

Piranti liya kang digunakake pangripta kanggo ngandharake idhe sajrone geguritan awujud pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelawaning basa. Basa minangka medhia pengarang kang wigati. Apik orane geguritan iku gumantung karo kaprigelane pengarang ngolah utawa nggunakake tetembungan utawa basa. Salah sawijine penggurit kang bisa diarani pengarang kang prigel ngolah utawa nggunakake tetembungan lan basa sajrone geguritan kang asma jangkepe Suhamono Kasiyun, yaiku pengarang kang kondhang ing donya sastra Jawa. Suhamono ngasta ing Universitas Negeri Surabaya minangka dhosen jurusan Basa lan Sasta Indonesia ing Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri Surabaya. Salah sawijine karyane Suhamono awujud antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* (KLW). Antologi geguritan iki wujud buku sing wiwit diterbitake taun 2013. Dumadi saka seket papat (54) irah-irahan geguritan, lan dumadi saka suwidak siji (61) kaca kang diterbitake dening Sarana Pustaka Jawa. Geguritan-geguritan sajrone antologi geguritan KLW ditulis dening pengarang wiwit taun 70-an nganti taun 2013. Panulis nyoba ngumpulake geguritan kang sumebar ing sawetara kalawarti lan ariwarti. Nalika nulis geguritan, panulis pindha-pindha omah, jeneng papan nalika nulis geguritan uga beda-beda. Geguritan-geguritan kang kasil kaimpun, didadekake siji ing antologi geguritan KLW iki. Miturut temane, antologi geguritan KLW ngandut tema sosial, agama, sejarah, budaya lan politik, nanging ing panliten iki dijupuk limalas (15) geguritan kang bisa

makili kabeh tema kang ana sajrone antologi geguritan KLW. Dhasar kapilihe geguritan kasebut supaya para pamaca bisa ngerti tema apa wae sing ana sajrone antologi geguritan mau. Kajaba kuwi pamaca uga bisa ngerti gegambaran isine antologi geguritan KLW tanpa maca kabeh geguritan. Analisis wujud lan sistem tandha, bakal bisa nuduhake kaendahan, lan njlentrehake karepe lan pangajabe pengarang nulis geguritan kasebut. Asil saka analisis wujud lan sistem tandha mau uga bisa nuduhake titikan saka geguritan anggitane Suhamono.

Sistem tandha sajrone antologi geguritan djlentrehake kanthi teori tandha miturut Charles Sanders Peirce. Charles Sanders Peirce yaiku salah sawijine filsuf Amerika kang ngandharake teori tandha. Teori Peirce ngandharake yen tandha iku bisa diarani minangka tandha, yen tandha mau makili samubarang liya (Nurgiyantoro, 2005: 41) Peirce ngerembakake teori semiotik dadi loro, yaiku tandha minangka sesambungan triadik lan tandha minangka sesambungan trikotomi. Peirce merang konsep semiotika sajrone sistem tandha dadi telu yaiku *representamen*, objek, lan *interpretant*. Triadik mau diperang maneh dadi trikotomi. Trikotomi kapisan sesambungan karo *representamen*. Trikotomi kapindho sesambungan karo objek. Trikotomi katelu sesambungan karo *interpretant*. Trikotomi kapisan sesambungan karo *representamen* diperang dadi telu yaiku *qualisigns*, *sinsigns* utawa *token*, lan *legisign* utawa *type*. Trikotomi kapindho sesambungan karo objek diperang dadi telu yaiku *ikon*, *indeks*, lan *simbol*. Trikotomi katelu sesambungan karo *interpretant* diperang dadi telu yaiku *rheme*, *dicent*, lan *argument* (Nort, 2006: 44-45).

Teori iki mau bisa dicakake sajrone analisi kesastraan. Sesambungan karo bab mau, tujuwan analisis kesastraan, fiksi, geguritan, utawa liya-liyane, supaya bisa ngerti kanthi cara luwih becik karya sastra kasebut minangka wujud karya sastra kang utuh lan nduweni makna (Nurgiyantoro, 2005: 32). Kanggo njlentrehake isine panliten iki tumrap antologi geguritan KLW anggitane Suhamono K, perlu diandharake kepriye wujud geguritan sajrone antologi geguritan KLW anggitane Suhamono K, kepriye wujud trikotomi miturut Charles Sanders Peirce sajrone antologi geguritan KLW anggitane Suhamono K. Banjur kepriye titikan geguritan anggitane Suhamono K.

Underan Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, underan panliten ing panliten iki yaiku:

- 1) Kepriye wujud geguritan sajrone Antologi Geguritan *Kidung Lingsir Wengi* Anggitane Suhamono K?
- 2) Kepriye wujud trikotomi miturut Charles Sanders Peirce sajrone Antologi Geguritan *Kidung Lingsir Wengi* Anggitane Suhamono K?
- 3) Kepriye titikan Geguritan Suhamono K?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underan panliten kang wis disebutake panliten nduweni tujuwan ing antarane yaiku:

- 1) Kanggo jlentrehake wujud geguritan sajrone Antologi Geguritan *Kidung Lingsir Wengi Anggitane Suharmono K.*
- 2) Kanggo jlentrehake wujud trikotomi miturut Charles Sanders Peirce sajrone Antologi Geguritan *Kidung Lingsir Wengi Anggitane Suharmono K.*
- 3) Kanggo mangertenititikan Geguritan Suharmono K.

Paedahe Panliten

Panliten iki kaajab bisa menehi paedah, yaiku asil panliten iki kaajab bisa nambah kaweruh tumrap mahasiswa sing siniau babagan ilmu basa lan sastra, bisa uga digunakake media tambahan utawa refrensi tambahan sajrone piwulangan lan panliten basa lan sastra.

Wewatesane Tetembungan

1) Semiotika

Cobley lan Jausz (sajrone Kaelan, 2009:162) ngandharake yen tembung semiotika asale saka basa Yunani ‘*semeion*’ kang tegese ‘tandha’ utawa ‘seme’ kang tegese penafsiran tandha Semiotika yaiku metodhe kanggo nganalisis kajian tandha.

2) Sistem Tandha

Sistem tandha yaiku samubarang kang makili samubarang liya sing bisa arupa pengalaman, pikiran, pangrasa, gagasan, lan liya-liyane (Nurgiyantoro, 2005: 40). Basa minangka sistem tandha, minangka sistem tandha, basa minangka sistem tandha sajrone teks kasusastran (Nurgiyantoro, 2005: 39)

3) Trikotomi Kapisan (*Representamen*)

Tandha minangka bagian saka analisis semiotika Peirce kang alelandhesan representamen lan diperang dadi telu yaiku: *qualisigns*, *sinsigns*, utawa *token*, lan *legisign* utawa *type* (Nort, 2006: 44).

4) Trikotomi Kapindho (Objek)

Tandha minangka bagian saka analisis semiotika Peirce kang alelandhesan objek lan diperang dadi telu yaiku: *ikon*, *indeks*, lan *simbol* (Nort, 2006: 45).

5) Trikotomi Katelu (*Interpretan*)

Tandha minangka bagian saka analisis semiotika Peirce kang alelandhesan interpretan lan tandha diperang dadi telu yaiku: *rheme*, *dicent*, lan *argument* (Nort, 2006: 45).

6) Geguritan

Geguritan yaiku karya sastra kang basane cekak, menthes, lan endah. Geguritan asale saka tembung “gurit” tegese tulisan kang awujud tatahan. “Nggurit” ateges ngarang tembang utawa kidung, utawa rerepen (Padmosoekotjo, 1953:66).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Sajrone bab tintingan kapustakan panliten iki ana saperangan sub bab kang gegayutan karo teori lan objek panliten. Bab iki njlentrehake ngenani panliten sadurunge kang sairib, lan teori-teori kang nyengkuyung teori lan objek panliten.

Pamarekan Struktur

Miturut teges etimologis struktur saka basa Latin, *structura* lan *systema*. Tembung *structura* tegese wujud, lan bangunan, dene *systema* ateges cara. Pamarekan struktur dipandhegani dening kaum Formalis Rusia lan Strukturalisme Praha, krana oleh pangaribawan saka teori Saussure kang ngenani studi linguistik saka pamarekan diakronik marang sinkronik. Studi linguistike ora nengenake marang sejarah perkembangane, nanging marang hubungan antar unsure. Miturut Abrahams (sajrone Nurgiyantoro, 2005: 36) struktur karya sastra bisa ditegesi minangka susunan, panengasan, lan gambaran saka perangan kang dadi komponen sing bisa ndadekake karya sastra kasebut dadi utuh lan katon endah. Tugas analisis struktur yaiku mbongkar unsur-unsur kang kinandhut sajrone karya sastra.

Kelemahan aliran stukturalisme utawa kajian struktural mau nyebabake lair teori strukturalisme dinamik. Strukturalisme dinamik dipandhegani dening Mukarovsky lan Felik Vodicka (sajrone Ratna, 2013: 93), kang ngandharake karya sastra iku awujud proses komunikasi, kasusun saka tandha, struktur, nile, lan samubarang kang bisa menehi makna tumrap pamaca. Sejatine pangrembakan saka strukturalisme ana strukturalisme dinamik lan strukturalisme genetik. Strukturalisme dinamik luwih nengenake marang karya sastrane, dene strukturalisme luwih nengenake marang pangriptane.

Tintingan Semiotik Tumrap Puisi

Puisi Jawa modern awujud geguritan. Geguritan bisa diarani minangka puisi bebas, amarga cacah gatra, guru wilangan, lan guru lagu ora kaikeut dening paugeran (sajrone Hutomo, 1975: 22-25). Basa kang digunakake sajrone geguritan, tembung-tembung utawa frase sajrone geguritan mujudake sistem semiotik utawa tandha, sistem tandha kang nduweni teges kang luwih.

Sajrone sistem semiotik geguritan mujudake struktur tandha kang nduweni sistem lan makna. Makna puisi awujud teges kang tuwuhan saka basa kang disusun kanthi dhasar struktur sastra, makna kang ora mung ateges miturut basa, nanging kang nduweni teges liya utawa tambahan alelandhesan konvensi sastra, kaya ta awujud lelewanning basa, retorika, lan sapanunggale. Mula saka kuwi kanggo nganalisis puisi uga mbutuhake analisis semiotik, krana puisi awujud struktur tandha kang nduweni makna. Tugas saka studi semiotika yaiku njlentrehake arti utawa maknane tandha sajrone puisi kasebut.

Semiotika Miturut Charles Sanders Peirce

Peirce ngerembakake teori semiotik dadi loro, yaiku tandha minangka sesambungan triadik, banjur triadik mau diklasifikasi kake utawa diperang maneh dadi trikotomi. Trikotomi kasebut yaiku *kepertamaan*, *keduaan*, lan *ketigaan*. Trikotomi *kepertamaan* diperang dadi telu, yaiku *qualisigns*, *sinsigns* utawa *token*, lan *legisign* utawa *type*. Trikotomi *keduaan* diperang dadi telu, yaiku *ikon*, *indeks*, lan *simbol*. Trikotomi *ketigaan*

diperang dadi telu, yaiku *rheme*, *dicent*, lan *argument* (Nort, 2006: 44-45).

Geguritan Sajrone Kasusastran Jawa

Minangka genre, geguritan beda karo cerkak, novel, lan drama. Pamedane dedunung ana menthese komposisi karo konvensi kang singset, saengga geguritan ora menehi wewatesan marang pengarang nalika ngarang kanthi cara bebas. Parrine (sajrone Siswantoro, 2010: 23) ngandharake yen geguritan minangka *the most condensed and concentrate from of literature* kang tegese geguritan kalebu wujud sastra kang paling padhet lan *terkonsentrasi*. Geguritan kalebu salah siji jinis karya sastra kang bisa dianalisis saka maneka werna aspek. Geguritan bisa dikaji struktur lan unsur-unsur, bisa uga dikaji saka jinis-jinis utawa ragam-ragame, geguritan uga bisa dikaji saka kesejarahane (sajrone Pradopo, 1993:).

Geguritan kalebu struktur kang kompleks. Kanggo mahami isi salahsawijine geguritan kudu nganalisis geguritan kasebut. Analisis struktur geguritan yaiku analisis marang unsur-unsur, lan panjlentrehane saben unsur iku nduweni makna kang sesambungan yen digabungake karo unsur liyane. Antarane unsur-unsur struktur geguritan iku ana koherensi utawa sesambungan kang rumaket. Unsur-unsur iku ora otonom, nanging kalebu bagiyane saka situwasi kang ruwet lan sesambungan karo bagiyane liyane (sajrone Pradopo. 1993: 120). Unsur-unsur kang dianalisis kanggo mahami geguritan ing antarane: pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewanning basa, lan *citraan*.

Lelandhesan Analisis

Lelandhesan analisis sajrone panliten iki yaiku teori semiotika dening Charles Sanders Peirce. Analisisi diwiwi kanthi analisi struktur sajrone geguritan kang minangka panyengkuyung tumuju analisis teori semiotika. Analisis struktur sajrone geguritan kang bakal njelentrehake unsur-unsur kang kinandut sajrone geguritan. Unsur-unsur kang dianalisis sajrone geguritan awujud analisis pamilihing tembung (*diksi*), analisis *retorika* lan lelewanning basa, lan analisis *citraan*. Analisis Analisis struktur iki bisa nyengkuyung analisis teori semiotika sajrone geguritan amarga analisis struktur bakal mbongkar wujude geguritan kang ngandhut pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewanning basa, *citraan*, tandha, lan makna kang menthes.

Analisis pamilihing tembung (*diksi*) awujud pamilihing tembung dening pengarang sajrone geguritan. Saben tembung iku nduweni rong aspek, yaiku denotasi lan konotasi. Denotasi yaiku teges kang miturut kamus, teges kang nuduhake wujud barang kang diwenehi aran mau. Tembung kang digunakake sajrone geguritan ora mung ngandhut aspek denotasi wae. Isih ana arti utawa teges kang ditambahake, kang disebabake dening asosiasi-asosiasi kang metu saka aspek denotasine kang dirani konotasi. Konotasi yaiku teges tambahan. Analisis *retorika* lan lelewanning basa awujud sarana *retorika* kang dominan yaiku, *tautologi*, *pleonasme*, *enumerasi*, *paralelisme*, *hiperbolika*, lan *personifikasi*. Analisis lelewanning basa awujud purwakathi guru sastra

(*aliterasi*), purwakanthi guru swara (*asonansi*), lan purwakanthi guru lumaksita. Analisis *citraan* awujud citraan kang tuwuhan saka panca ndriyane manungsa. *Citraan* indra paningal diarani citra paningal utawa pandulu (*visual imagery*), kang tuwuhan saka pangrungu diarani citra pangrungu (*auditory imagery*) lan sapanunggale.

Geguritan sajrone teori semiotika mujudake salah sawijine karya sastra kang nduweni sistem tandha lan makna. Tugas saka studi semiotika yaiku njelentrehake arti utawa teges maknane tandha sajrone geguritan sajrone panliten iki. Peirce munjerake panggunane tandha ing umume kanthi ngetrapake tandha ing panggon kang wigati, nanging dudu sing utama (sajrone Nurgiyantoro, 2005: 40). Peirce ngandharake yen semiotika yaiku minangka bidhang ilmu kang sesambungan antrane tandha, objek, lan makna (sajrone Kaelan, 2009: 163). Peirce ngerembakake teori semiotika dadi loro, yaiku tandha minangka triadik kang sesambungan antarane *represantement*, objek, lan *interpretant*, banjur triadik mau diklasifikasi utawa diperang maneh dadi trikotomi. Trikotomi kasebut awujud trikotomi kapisan sesambungan karo *represantemen*, trikotomi kapindho sesambungan karo objek, lan trikotomi katelu sesambungan karo *interpretant*. Trikotomi kapisan diperang dadi telu, yaiku *qualisigns*, *sinsigns*, lan *legisign*. Trikotomi kapindho diperang dadi telu, yaiku *ikon*, *indeks*, lan *simbol*. Trikotomi katelu diperang adadi telu, yaiku *rheme*, *dicent*, lan *argument* (Nort, 2006: 44-45). Asil saka analisis struktur lan teori semiotika sajrone geguritan, bakal nuduhake titikan geguritan anggitane Suhamono K saka bab-bab kang anja sajrone analisis loro mau.

METODHE PANLITEN

Metodhe panliten minangka sawijine cara-cara utawa staregi kanggo nindakake langkah-langkah sajrone kegiyatane panliten. Metodhe digunakake kanggo mecahakeh masalah lan bisa gampang mahami kegiyatane panliten. Kanthi tata cara kang wis karancang lan bisa ditanggung-jawabake. Ing bab iki diandharake ancangan panliten, objek panliten, sumber dhata lan dhata panliten, sarta metodhe lan tata cara (teknik) kang dianggo sajrone panliten.

Ancangan Panliten

Kantri nggunakake metodhe minangka cara, tujuwan ancangan panliten yaiku pengakuan tumrap hakikat ilmia objek ilmu pengetahuan kasebut (sajrone Ratna, 2004: 54). Panliten iki nduweni tujuwan kanggo jlentrehake trikotomi tandha sajrone geguritan, mula uga bisa jlentrehake unsur sajrone geguritan. Unsur sajrone geguritan iki ana loro, unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Unsur sing bisa dianalisis sanalika karo analisis trikotomi tandha yaiku unsur intrinsik geguritan, amarga sadurunge nganalisis trikotomi tandha, uga nganalisis ngenani pamilihing tembung, citraan, lelewanning tembung, lan sapanunggale minangka pengantar lan panyengkuyung sadurunge analisi sistem

tandha mau. Mula salah sawijine ancangan panliten kang digunakake yaiku ancangan obyektif.

Ancangan objektif awujud analisis tumrap unsur-unsur intriksik karya sastra. Analisis kang bisa nuduhake kuwalitas saka karya kasebut bisa diarani panliten kualitatif. Kanggo njlentrehake kuwalitas geguritan, amrih luwih cetha lan gamblang, metodhe kang digunakake awujud metodhe hermeneutik.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata ana sambungane karo subjek panliten lan asale dhata kajupuk. Subjek panliten sastra yaiku teks-teks novel, cerkak, drama lan puisi (Siswatoro, 2010: 72). Antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K minangka sumber dhata panliten iki. Dhata sajrone panliten sastra awujud basa *verbal*, yaiku tembung, frasa, utawa ukara. Senajan asipat verbal, dhata nuduhake daya tarik sarta kebak interpretasi. Dhata yaiku sumber informasi kang bakal di seleksi minangka bahan analisis. Mula kualitas dhata gumatung marang pamilihan dhata kang dicocokake karo konsep utawa teori (Siswatoro, 2010: 70).

Tenik Pangumpulan Dhata

Pangumpulan dhata kalebu bagian kang wigati sajrone proses panliten. Sajrone aktivitas iki panliti bakal ngetrapake teori kang dadi tinthingan panliten kanggo njupuk dhata kang dibutuhake. Nalika proses pangumpulan dhata panliti bakal bola bali nelaah dhata kang kajupuk. Supaya bisa ngasilake dhata kang luwih apik. Cara ngumpulake dhata diarani dhata *reduction* utawa dhata *selection*. Dhata diseleksi miturut kriteria tatramtu, dene dhata kang ora relevan dipinggirake.

Maca Geguritan lan Milih Dhata

Teknik kang kapisan sajrone panggumpulan dhata yaiku maca antologi geguritan. Kegiatan maca geguritan sejatine wis ditindhakake mahasiswa nalika nyeleksi utawa milih teks geguritan. Maca ing kene maca kanthi tumemen lan dibolan-baleni makaping-kaping, supaya bisa ngerti lan mahami isi lan maksud sajrone geguritan. Sawise maca, langkah sabanjure yaiku milih dhata kang cocok kanggo dianalisis. Kaya ta tembung, ukara gatra, lan ukara kang ngandhut sistem tandha. Banjur di cathet lan dikumpulake.

Ngglasifikasike Dhata

Klasifikasi utawa merang dhata ditindakake sawise ngumpulake dhata. Dhata di seleksi kanthi kriteria kang wis ditentokake. Banjur digolongkake marang kriteria wujud struktur geguritan, banjur diperang miturut teori semiotik Charles Sanders Peirce. Cara merange dhata kanthi dhasar wujud struktur geguritan yaiku kanthi ngidhentifikasi tembung, frase, utawa ukara kang nduweni unsur intrinsik tartamtu yaiku pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewaning basa, lan *citraan*.

Teknik Analisis Dhata

Sawise kegiatan ngumpulake dhata, sabanjure nindakake analisis dhata kanthi ndheskripsekake dhata, napsirake dhata, lan njupuk dudutan.

Ndheskripsekake Dhata

Sawise dhata di cathet, panliti banjur ndheskripsekake utawa njlentrehake kanthi rinci siji mbaka siji. Supaya dhata bisa luwih cetha. Dhata kang wis kajupuk bisa didheskripsekake saka struktur geguritan, wiwit saka pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewaning basa, *citraan*. Banjur ndheskripsekake kanthi teori semiotik Charles Sanders Peirce kang gegayutan karo *represantemen*, objek, lan *interpretan*. Trikotomi kapisan gegayutan karo *represantemen* diperang dadi telu yaiku: *qualsigns*, *sinsigns* utawa *token*, lan *legisign* utawa *type*, trikotomi kapindho gegayutan karo objek diperang dadi telu yaiku: *ikon*, *indeks*, lan *simbol*, lan trikotomi katelu sesambungan karo *interpretan* lan tandha diperang dadi telu yaiku: *rheme*, *dicent*, lan *argument* (sajrone Nort, 2006: 45).

Napsirake Dhata

Napsirake dhata wujud saka metodhe hermeneutika. Metodhe asale saka tembung *methodos*, basa Latin, banjur *methodos* iku saka tembung *meta* lan *hodos*. *Meta* tegese tumuju, lumantar, melu, lan sawise, dene *hodos* tegese dalam, cara, lan arah. Teges kang luwih jembar, metodhe minangka cara-cara, staregi kang sistematis kanggo njlentrehake samubarang kang nduweni sipat sebab-akibat. Metodhe nduweni paedah kanggo mrasajakake masalah, saengga bisa luwih gampang dirampungake utawa dipecahake (sajrone Ratna, 2013: 34). Salah sawijine metodhe kang cocok lan digunakake sajrone panliten ilmu sastra lan basa yaiku metodhe hermeneutika.

Hermeneutika asale saka tembung *hermeneuein*, basa Yunani, kang tegese nafsirake utawa nginterpretasi. Cara kerjane hermeneutik kanggo nafsirake karya sastra, miturut Teeuw (sajrone Nurgiyantoro, 2005: 34), ditindakake kanthi mahami sakabehe lumantar unsur-unsur intrinsike. Asil saka pemahaman unsur-unsur intrinsike mau bisa digunakake kanggo mahami karya sastra kanthi luwih becik, jembar, lan kritis. Metodhe hermeneutika sejatine ora nggoleki makna kang bener, nanging makna kang optimal. Sajrone interpretasi, pamaca mesthi nduweni titik punjer kang cetha, kang umume ditindakake kathi spiral. Penafsiran dumadi krana saben subjek nduweni sudut pandhang kang beda-beda (sajrone Ratna, 2004: 45-46).

Saka kegiatan napsirake, panliti bakal ngerti lan mahami isi geguritan kanthi pemahaman kang jero. Panliti uga bisa ngaweruh makna kang sumirat sajrone geguritan kasebut kanthi napsirake makna kasebut. Sawise ndheskripsekake struktur lan teori semiotik Charles Sanders Peirce, sabanjure yaiku ndheskripsekake makna simbolis sajrone geguritan kasebut.

Njupuk Dudutan

Kegiatan sabanjure njupuk dudutan, ditindakake sawise nyeleksi utawa reduksi dhata. Panliti njupuk dudutan adhedhasar saka asile nganalisis dhata miturut wujud struktur geguritan, teori semiotik miturut Charles Sanders Peirce, lan maksna simbolis sajrone geguritan.

Ngandharake Asil Analisis

Panliti ngandharake asil analisis dhata awujud laporan kasil panliten kang awujud skripsi kang kasusun

saka limang (5) bab kang diandharake lan dijilentrehake kaya ing ngisor iki:

- BAB I : ngandharake lelandhesaning panliten, underan panliten, ancase panliten, paedahé panliten, lan wewatesane tetembungan.
- BAB II : ngandharake panliten kang saemper, pamarekan struktur, tintingan Semiotika tumrap puisi, semiotika miturut Charles Sander Peirce, lan geguritan sajrone kasusastran Jawa.
- BAB III : ngandharake ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, teknik pangumpulan dhata, teknik analisis dhata, lan nganndharake asil analisis.
- BAB IV : ngandharake wujuding geguritan sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K, deskripsi trikotomi tandha miturut Charles Sanders Peirce sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K, lan titikan geguritan anggitane Suharmono K.
- BAB V : ngandharake dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN

Sajrone bab IV panliten iki ana saperangan sub bab kang gegayutan karo analisis lan asil panliten. Bab iki njlentrehake wujuding geguritan sajrone antologi geguritan KLW Anggitane Suharmono K, jlentrehake wujud trikotomi miturut Charles Sanders Peirce sajrone antologi geguritan KLW anggitane Suharmono K, lan mangertenit titikan geguritan anggitane Suharmono K.

Wujuding Geguritan Sajrone Antologi Geguritan Kidung Lingsir Wengi Anggitane Suharmono K

Wujuding geguritan awujud deskripsi geguritan kang diiwiti saka pamilihing tembung, *retorika* lan lelewaning basa, lan citraan.

Wujuding Geguritan Panguripan

PANGURIPAN

sore wingi
kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, asu baung
njarah rayah trasi
ah, esuk iki
kucing mati kampul-kampul ana kali
sawise kalah rebutan rejeki
laler laler
rebut dhucung asung pawarta
pesta andrawina

Jaya Baya, 9 Mei 1976

Geguritan *Panguripan* (PNG) kapacak ing kalawarti *Jaya Baya*, 9 Mei 1976, kang dumadi saka sagatra. Sagatra mau dumadi saka sepuluh gatra. Saben gatra uga nduweni cacah wanda kang beda-beda, geguritan iki ora kaiket karo paugeran kaya dene tembang. Geguritan PNG minangka pangudarasane pengarang ngenani gegambaran panguripan. Panguripan manungsa ing alam donya iki digambarake karo kewan-kewan sajrone geguritan kasebut. Kucing sing rebutan roti karo asu, banjur kucing mati amarga kalah rebutan rejeki.

4.1.1.1 Pamilihing tembung (diksi)

Tembung kang digunakake pengarang sajrone geguritan PNG kalebu tetembungan basa Jawa anyar, nanging uga ana saperangan basa kang ora digunakake pacelathlon saben dinane. Tegese tetembungan wis kapilih dening pengarang kango ngasilake geguritan kang endah. Tembung-tembunge kang nduweni teges konotasi, lan bisa nuwuhake nilai estetika. Tembung kang digunakake ora mung ngandhut aspek denotasi wae. Isih ana arti utawa teges kang ditambahake, kang disebabake dening asosiasi-asosiasi kang metu saka aspek denotasine kang diarani konotasi. Konotasi yaiku teges tambahan, kaya kang diandharake dening Rene Wellek (1962: 23) yen basa sastra iku kebak teges kang linuwih, kebak homonim, kategori-kategori *arbitraire*, utawa irrasional, nyerep prastawa-prastawa sejarah, pangeling-eling, lan asosiasi-asosiasi. Dadi, basa sastra iku konotasi banget. Basa sastra nduweni segi ekspresif. Yen maca geguritan, kajaba kudu ngerti teges kamuse utawa teges denotatif, uga kudu ngerti teges konotasine (sajrone Pradopo, 58-60).

kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, **asu** baung
njarah rayah trasi
(PNG, pd 1 gtr 2-4)

Pethikan geguritan PNG ing ndhuwur nggunakake pamilihing tembung kang ngandhut makna konotasi. Perangan kang nuduhake pamilihing tembung awujud ukara gatra 'kucing', lan 'asu'. Ukara gatra mau ora mung nggunakake teges denotasi, nanging uga teges konotasi 'kucing lan 'asu' ing guritan ora mung ateges kewan, nanging bisa ditegesi liya awujud gegambaran manungsa ing donya.

4.1.1.2 Retorika lan lelewaning basa

Retorika salah sawijine sarana kepuitisan kang nuduhake gambaran pikirane pengarang tumrap pamaca. Sarana retorika bisa nyethakake kahanan sajrone geguritan, saengga pamaca uga bisa ngrasakake kahanan sajrone geguritan mau. Retorika kang kinandhut sajrone geguritan PNG awujud *retorika tautologi*, lan *retorika personifikasi*. Banjur lelewaning basa kang kinandhut sajrone geguritan PNG awujud purwakanthi guru sastra (*aliterasi*), purwakanthi guru swara (*asonansi*), lan purwakanthi guru lumaksita.

1) Sarana retorika tautologi

Sarana retorika kang ngandharake kahanan utawa tembung kang padha kanthi diambali bola-bali, supaya arti tembung utawa kahanan iku nduweni makna kang jero tumrap pamaca iku diarani sarana *retorika tautologi*.

kucing kerah rebutan roti
kucing mati kampul-kampul ana kali
(PNG. Pd 1.gtr 2 lan 6)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *retorika tautologi*. *Retorika tautologi* dumadi ing pada kapisan gatra loro lan gatra enim. Perangan kang nuduhake *retorika tautologi* awujud andharan ing gatra loro ngenani kahanane kucing sing kerah banjur di andharake maneh ing gatra enim awujud kahanan kucing mati gara-gara kalah rebutan pangan.

2) Sarana retorika personifikasi

Personifikasi mujudake sarana retorika kang nggambareke samubarang kang kang mati nduweni daya utawa sipat kaya dene manungsa, daya utawa sipat kasebut kaya ta nulis, mlaku, nyawang lan sapanunggale (Keraf, 2005:139)

laler laler
rebut dhucung **asung** pawarta
(PNG. Pd 1.gtr 8 lan 9)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *retorika personifikasi*. *Retorika personifikasi* dumadi ing pada kapisan gatra wolu lan sanga. Perangan kang nuduhake *retorika personifikasi* awujud tembung ‘asung’, kang nggambareke yen laler-laler nindakake asung pawarta kaya tumindake manungsa. Dadi *retorika personifikasi* kuwi nggambareke kewan kaya-kaya nduweni sipate manungsa.

3) Purwakanthi guru sastra (*aliterasi*)

Aliterasi uga diarani purwakathi guru sastra, ateges purwakanthi kang ngelingi wewaton sastra, yaiku sastra kang wis kasebut ana ing perangane ukara kang ngarep utawa ing perangane ukara kang wiwitan (ing purwa), digandheng, utawa disebutake maneh dening perangane ukara kang mburi. Dadi ing perangan ukara ing sisih mburi ana sing nunggal sastra utawa nunggal aksara karo perangan ukara ing sisih ngarep (sajrone Padmosoekatja, 1953: 60). Geguritan PNG ngandhut purwakanthi sastra awujud *aliterasi* konsonan /r/, *aliterasi* konsonan /k/, lan *aliterasi* konsonan /l/.

kucing kerah rebutan roti
njarah rayah trasi
(PNG. Pd 1 gtr 2 lan 4)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *aliterasi* konsonan /r/. *Aliterasi* konsonan /r/ dumadi ing pada kapisan gatra kapindho lan gatra papat. Perangan kang nuduhake *aliterasi* konsonan /r/ awujud panggunane konsonan /r/ ing tembung ‘kerah’, ‘rebutan’, ‘roti’, ‘njarah’, ‘rayah’, lan ‘trasi’.

kucing mati kampul-kampul ana kali
(PNG. Pd 1.gtr 6)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *aliterasi* konsonan /k/. *Aliterasi* konsonan /k/ dumadi ing pada kapisan gatra enim. Perangan kang nuduhake *aliterasi* konsonan /k/ awujud panggunane konsonan /k/ ing tembung ‘kucing’, lan ‘kampul-kampul’.

4) Purwakanthi guru swara (*asonansi*)

Asonansi uga diarani purwakanthi guru swara ateges purwakanthi kang ngelingi wewaton swara, paugeran swara, yaiku swara sing wis kasebut ana ing gatra utawa perangane ukara sing ngarep utawa wiwitan (purwa), digandheng, utawa disebutake maneh ana ing gatra utawa perangane ukara ing mburi. Dadi gatra utawa perangane ukara kang mburi ana sing nunggal swara karo gatra utawa perangane ukara sing sisih ngarep (purwa) (sajrone Padmosoekatja, 1953: 59). *Asonansi* kang dumadi sajrone geguritan PNG awujud *asonansi* swara /a/, swara /i/ lan swara /u/.

njarah raya trasi
(PNG. Pd 1.gtr 5)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *asonansi* swara /a/. *Asonansi* swara /a/ dumadi ing pada kapisan gatra lima. Perangan kang nuduhake *asonansi* swara /a/ awujud panggunane swara /a/ ing tembung ‘njarah’, ‘raya’ lan ‘trasi’.

kucing mati kampul-kampul ana kali
(PNG. Pd 1.gtr 6)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *asonansi* swara /i/. *Asonansi* swara /i/ dumadi ing pada kapisan gatra enim. Perangan kang nuduhake *asonansi* swara /i/ awujud panggunane swara /i/ ing tembung ‘kucing’, ‘mati’, lan ‘kali’. Kajaba iku uga nuduhake *asonansi* swara /u/ awujud panggunane swara /u/ ing tembung ‘kucing’, ‘kampul-kampul’.

rebut dhucung asung pawarta.
(PNG. Pd 1.gtr 9)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *asonansi* swara /u/. *Asonansi* swara /u/ dumadi ing pada kapisan gatra sanga. Perangan kang nuduhake *asonansi* swara /u/ awujud panggunane swara /u/ ing tembung ‘rebut’, ‘dhucung’, lan ‘asung’.

5) Purwakanthi guru lumaksita

Purwakanthi guru lumaksita utawa purwakanthi basa mujudake lelewanning basa kang awujud pengulange tembung utawa wanda kang dumunung ing pungkasaning gatra lan diambali ing gatra sabanjure (Tedjohadisumarto lan Hadiwijana sajrone Lagimen, 1996: 101).

kucing kerah rebutan roti
kucing mati kampul-kampul ana kali

(PNG. Pd 1.gtr 2 lan 6)

Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane purwakanthi guru lumaksita kang dumadi ing pada kapisan gatra loro lan gatra enim. Perangan kang nuduhake purwakanthi guru lumaksita awujud tembung ‘kucing’ ing ing gatra loro lan gatra enim.

4.1.1.3 Citraan

Citraan yaiku gambaran-gambaran sajrone pikiran lan basa, dene saben gambar pikiran diarani citra utawa imaji (*image*). Gambaran pangangen-angen bisa diasilake saka panca driya. *Citraan* kang kinandhut sajrone geguritan PNG awujud *citraan kinaesthetic*, *citraan organic*, lan *citraan pangrungu*.

1) *Citraan kinaesthetic*

Citraan kinaesthetic yaiku imaginasi obahe awak utawa otot, kang nyebabake kita ngrasa utawa nyawang obahe awak utawa obahe otot awak.

rebut dhucung **asung** pawarta
(PNG. Pd 1.gtr 9)

Pethikan geguritan PNG ing pada kapisan gatra sanga lan nuduhake yen pengarang nggunakake *citraan kinaesthetic*, kang awujud tembung ‘rebut’ lan ‘asung’. Tembung mau bisa nuwuhake imajinasi obahe krana royokan dhisik asung (aweh) pawarta.

kucing kerah rebutan roti
(PNG. Pd 1.gtr 2)

Pethikan geguritan PNG ing pada kapisan gatra loro nuduhake yen pengarang nggunakake *citraan kinaesthetic*, kang awujud tembung ‘kerah’ lan ‘rebutan’, tembung mau bisa nuwuhake imajinasi obahe kucing sing gelut utawa cakar-cakaran royokan roti.

2) *Citraan organic*

Citraan organic, yaiku imaginasi awak, kang nyebabake kita kaya nyawang utawa ngrasa awak sing lemes, lesu, ngantuk, ngeluh, lan sapanunggale

kucing mati kampul-kampul ana kali
(PNG. Pd 1.gtr 6)

Pethikan geguritan *Panguripan* ing pada kapisan gatra enim nuduhake yen pengarang nggunakake *citraan organic*. *Citraan organic* awujud ukara gatra ‘mati kampul-kampul’, tembung mau bisa nuwuhake imajinasi tumrap pamaca kanthi rasa mesakake marang kucing sing mati amrga kalah rebutan rejeki.

Dheskripsi Trikotomi Tandha Miturut Charles Sanders Peirce Sajrone Antologi Geguritan *Kidung Lingsir wengi Anggitane Suharmono K*

Trikotomi tandha miturut Charles sander Peirce kaperang dadi telu, trikotomi kapisan, trikotomi kapindho, lan trikotomi katelu. Saben trikotomi mau

diperang maneh dadi telu. Trikotomi kapisan diperang dadi telu awujud *qualisign*, *Sinsign*, lan *legisign*. Trikotomi kapindho diperang dadi telu awujud *ikon*, *indeks*, lan *simbol*. Trikotomi katelu diperang dadi telu awujud *rheme*, *dicent*, lan *argument*.

Dheskripsi Trikotomi Geguritan *Panguripan*

Tandha-tandha kang kinandhut sajrone geguritan *Panguripan* lan nduweni *potensi* aspek tandha miturut teori Semiotika Charles Sanders Pierce ing antarane yaiku:

1) Gegambaran uripe manungsa

Tandha iki nduweni *representement* kucing lan asu tukaran ing wayah esuk lan sore. Saengga nuwuhake objek tandha awujud tukaran royokan panganan nganti kucing mati kampul-kampul. Banjur nuwuhake gegambaran uripe wong sing rebutan rejeki utawa pangkat ing bebrayan

a) *Represantamen*

Kucing lan asu tukaran ing wayah esuk lan sore

- 1) *Qualisign* : Tembung ‘sore’ lan ‘esuk’ nuduhake yen geguritan nalika wayah esuk, sore, lan bengi.
- 2) *Sinsign* : kucing mati nuduhake yen mari gelut utawa kerah karo kewan liya.
- 3) *Legisign* : ora ana kucing sing mangan roti, lan ora ana asu sing mangan trasi.

Bukti kang nuduhake telung perangan trikotomi kapisan kang sesambungan karo representemen sajrone geguritan *Panguripan* awujud pethikan ing ngisor iki.

sore wingi
kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, asu baung
njarah rayah trasi
ah, esuk iki
kucing mati kampul-kampul ana kali
(PGRPN, gtr 1-6)

Pethikan geguritan ing ndhuwur kang nuduhake *qualisign* awujud ukara gatra ‘sore wingi’ lan ‘ah, esuk iki’ kang nuduhake gegambaran wayah sajrone geguritan kuwi wayah esuk lan sore. Tembung ‘sore’ lan ‘esuk’ nuduhake yen geguritan kang nyeritakake rong wayah kang dumadi ing dina kang beda, awujud kedadeyan ing wayah wingi sore lan wayah esuk iki. Pethikan geguritan kang nuduhake *Sinsign* awujud ukara gatra ‘kucing mati kampul-kampul ana kali’ kang nuduhake yen kucing mau mari gelut karo kewan liyane. Banjur pethikan geguritan kang nuduhake *legisign* awujud ‘kucing kerah rebutan roti’, ‘asu baung njarah raya trasi’ kang nuduhake ora lumrah yen kucing kepengin mangan roti nganti diewangi kerah, lan ora lumrah yen asu mangan trasi.

b) *Objek*

Tukaran royokan panganan nganti kucing mati kampul-kampul

- 1) *Ikon* : Tembung ‘kucing’, ‘asu’, lan ‘laler’ minangka gegambarang jinise wong ing bebrayan.

- 2) Indeks : Ukara gatra ‘mati kampul-kampul’ kang nuduhake yen kucing kalah nalika rebutan roti
- 3) Simbol : Tembung ‘roti’, ‘trasi’, lan ‘rejeki’ minangka gegambaran barang kang direbutake wong akeh ing bebrayan.

Bukti kang nuduhake telung perangan trikotomi kapindho kang sesambungan karo objek sajrone geguritan *Panguripan* awujud pethikan ing ngisor iki.

kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, asu baung
njarah rayah trasi
kucing mati kampul-kampul ana kali
sawise kalah rebutan rejeki
laler laler
rebut dhucung asung pawarta
pesta andrawina
(PGRPN, gtr 2-10)

Pethikan geguritan ing ndhuwur kang nuduhake *ikon* awujud tembung ‘kucing’, ‘asu’, lan ‘laler’ kang nuduhake makhluk ing donya sing nggamarake uripe manungsa sajrone geguritan ing ndhuwur. Pethikan geguritan kang nuduhake *indeks* ukara gatra ‘mati kampul-kampul’ kang nuduhake panyebebé kucing kerah rebutan roti, banjur kalah lan mati kampul-kampul ing kali, nuduhake gegambaran kahanane wong sing kalah nalika kalah nalika rebutan rejeki. Banjur pethikan geguritan kang nuduhake *simbol* awujud tembung ‘roti’, ‘trasi’, lan ‘rejeki’ nuduhake yen roti karo trasi kalebu rejeki, pangkat, lan jabatan sajrone bebrayan, dene rejeki durung mesti roti lan trasi.

c) *Interpretant*

Gegambaran uripe wong sing rebutan rejeki utawa pangkat ing bebrayan

- 1) *Rheme* : Geguritan ngenani kucing, lan asu sing rebutan pangan utawa rejeki, banjur mati ing kali, dene laler-laler pesta mangan enak saka bathange kucing.
- 2) *Discent* : kucing ora mangan roti, rebutan roti minangka gegambaran saka rebut jabatan utawa pangkat.
- 3) *Argument* : geguritan kang nggamarake ngenani panguripane wong sing padha rebut jabatan lan panguwasa, banjur mati amarga kalah lan ora oleh apa sing dikarepake. Banjur laler-laler kang mangan bathange minangka wong sing seneng nalika kucing mati.

Bukti kang nuduhake telung perangan trikotomi katelu kang sesambungan karo interpretant sajrone geguritan *Panguripan* awujud pethikan ing ngisor iki.

kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, asu baung
njarah rayah trasi
(PGRPN, gtr 2-4)
kucing mati kampul-kampul ana kali
sawise kalah rebutan rejeki

laler laler
rebut dhucung asung pawarta
pesta andrawina
(PGRPN, gtr 6-10)

Pethikan geguritan ing ndhuwur kang nuduhake *rheme* awujud geguritan ngenani kucing, lan asu sing rebutan pangan utawa rejeki, banjur mati ing kali, dene laler-laler pesta mangan enak saka bathange kucing. Kabeh kuwi menehi gegambaran kahanan uripe manungsa sing padha rebutan rejeki, pangkat, utawa jabatan ing donya. Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake *discent* awujud kucing ora mangan roti, rebutan roti minangka gegambaran saka rebut jabatan utawa panguwasa. Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake *argument* awujud geguritan kang nggamarake ngenani panguripane wong sing padha rebut jabatan lan panguwasa, banjur mati amarga kalah lan ora oleh apa sing dikarepake. Banjur laler-laler kang mangan bathange minangka wong sing seneng nalika kucing mati.

Titikan Geguritan Anggitane Suharmono K

Andharan ing ndhuwur bisa nuduhake titikane geguritan anggitane Suharmono K sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi*.

Basa kang digunakake Suharmono K

Basa kang digunakake nggawe geguritan kalebu basa Jawa anyar kang tegese bisa dipahami dening pamaca. Senajan basa kang digunakake sajrone geguritan mau ora kabeh digunakake masyarakat sajrone cecaturan. Suharmono uga nggunakake basa kawi sajrone geguritan-geguritane. Kajaba basa Jawa anyar lan basa kawi, Suharmono uga nggunakake basa Inggris sajrone geguritane. Kabeh ragam basa mau gunanae supaya bisa nuwuhake kaendahan lan bisa katon nile estetikane.

a) Geguritan *Panguripan*

Titikan basa kang digunakake sajrone geguritan PNG dituduhake kanthi pethikan ing ngisor iki.

tengah **ratri**, asu baung
(PNG, pd 1 gtr 3)

Pethikan geguritan PNG ing ndhuwur nuduhake yen panggurit nggunakake basa kawi sajrone geguritan. Perangan kang nuduhake panggunane basa kawi awujud tembung ‘ratri’. Tembung ‘ratri’ asale saka basa kawi kang ateges ‘bengi’.

Tata Panulisan Geguritan anggitane Suharmono K

Cacah wanda geguritan anggitane Suharmono K ora padha kaya tembang, tegese geguritane wis ora kaiket karo paugeran tartamtu. Panggurit bebas olehe nemtokake cacah wanda saben gatra lan cacahe pada (*bait*) saben guritan. Kajaba iku Suharmono uga ora ngugemi tata panulisan ukara miturut paramasastra kang kasebut *Licentia Poetica*. Saben gatra lan saben jenenge utawa arane wong lan papan panggonan ora diwiwiti kanthi aksara gedhe.

a) Geguritan *Panguridan*

Geguritan *Panguridan* dumadi saka sapada (*bait*). Sapa dumadi saka sepuluh gatra. Saben gatra nduweni cacah wanda kang beda-beda, gatra kapisan dumadi saka petang wanda, pada loro dumadi saka sangang wanda, pada telu dumadi saka wolung wanda, lan gatra papat dumadi saka enim wanda. Geguritan iki ora kaiket karo paugeran kaya dene tembang.

sore wingi
kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, asu baung
njarah rayah trasi
(PNG, pd 1 gtr 1-4)

Pethikan geguritan PNG ing ndhuwur nuduhake yen penggurit ora ngugemi tata panulisan ukara manut paramasastra kang kasebut *Licentia Poetica*. Saben gatra ora diwiwiti kanthi aksara gedhe.

Gaya Sajrone Geguritan Anggitane Suharmono K

Suharmono K nalika nulis geguritan nggunakake gaya utawa *style* sing apik. Panggurit milih tembung-tembung kang bisa nuwuhake kaendahan sajrone geguritan. Panggurit uga nggunakake retorika lan lelewaning basa kang bisa narik kawigatene pamaca. Kajaba iku panggurit uga nggunakake *citraan* sajrone guritane. Nalika nggambareke kahanan kang dicritakake panggurit ora kanthi langsung nggambareke kanthi gamblang, utawa bisa diarani nggunakake gaya pasemon. Amrih bisa ngerti gegambaran kang sejatine, pamaca kudu maca bola-bali lan mahami isi saka guritan kasebut. Tegese geguritane akeh sing ngandhut makna konotasi katimbang denotasi.

a) Geguritan *Panguridan*

kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, asu baung
njarah rayah trasi
.....
kucing mati kampul-kampul ana kali
(PNG, pd 1 gtr 2-4, lan 6)

Pethikan geguritan PNG ing ndhuwur nggunakake pamilihing tembung kang ngandhut makna konotasi. Perangan kang nuduhake pamilihing tembung awujud ukara gatra ‘kucing’, lan ‘asu’. Ukara gatra mau ora mung nggunakake teges denotasi, nanging uga teges konotasi. Tembung ‘kucing’, lan ‘asu’ing guritan ora mung ateges kewan, nanging bisa ditegesi liya awujud gegambaran manungsa ing donya. Geguritan ing ndhuwur nuduhake yen panggurit uga nggunakake retorika sajrone geguritane, kang awujud retorika *tautologi*. Perangan kang nuduhake retorika *tautologi* awujud andharan ing gatra loro ngenani kahanane kucing sing kerah banjur di andharake maneh ing gatra enim awujud kahanan kucing mati gara-gara kalah rebutan pangan.

Panggurit uga nggunakake lelewaning basa kang bisa narik kawigatene pamaca kang awujud purwakanthi sastra (*aliterasi*). Pethikan geguritan ing ndhuwur uga nuduhake anane *aliterasi* konsonan /r/. *Aliterasi* konsonan /r/ dumadi ing pada kapisan gatra kapindho lan gatra papat. Perangan kang nuduhake *aliterasi* konsonan /r/ awujud panggunane konsonan /r/ ing tembung ‘kerah’, ‘rebutan’, ‘roti’, ‘njarah’, ‘rayah’, lan ‘trasi’. Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *aliterasi* konsonan /k/. *Aliterasi* konsonan /k/ dumadi ing pada kapisan gatra enim. Perangan kang nuduhake *aliterasi* konsonan /k/ awujud panggunane konsonan /k/ ing tembung ‘kucing’, lan ‘kampul-kampul’. Pethikan geguritan ing ndhuwur nuduhake anane *asonansi* swara /i/. *Asonansi* swara /i/ dumadi ing pada kapisan gatra enim. Perangan kang nuduhake *asonansi* swara /i/ awujud panggunane swara /i/ ing tembung ‘kucing’, ‘mati’, lan ‘kali’.

Kajaba iku panggurit uga nggunakake citraan sajrone guritane. Pethikan geguritan PNG ing pada kapisan gatra loro nuduhake yen pengarang nggunakake *citraan kinaesthetic*, kang awujud tembung ‘kerah’ lan ‘rebutan’, tembung mau bisa nuwuhake imajinasi obah kucing sing gelut utawa cakar-cakaran royokan roti. Kabeh mau dicakake dening panggurit supaya bisa nuwuhake geguritan kang endah lan bisa nuwuhake nile estetika.

Tandha lan makna sajrone Geguritan anggitane Suharmono K

Geguritan anggitane Suharmono K kebah tandha kang ngandhut makna. Kajab iku geguritane uga ngandhut amanat tumrap pamaca kang bisa dadi pangeling-eling ing jaman saiki.

a) Geguritan *Panguridan*

Geguritan *Panguridan* kebak tandha kang ngandhut piweling lan pitutur kang becik tumrap pamaca. Geguritan PNG ngandhut tandha ngenani gegambaran uripe manungsa. Tandha sajrone geguritan PNG kang sesambungan karo *represantement* kucing lan asu tukaran ing wayah esuk lan sore. Saengga nuwuhake objek tandha awujud tukaran royokan panganan nganti kucing mati kampul-kampul. Banjur nuwuhake *interpretant* ngenani gegambaran uripe wong sing rebutan rejeki utawa pangkat ing bebrayan. Sejatine geguritan PNG nggambareke ngenani panguripane wong sing urip ing donya politik kanthi gegambaran saka uripe kewan kucing lan asu kang minangka *ikon* ing sistem tandha. Wujud *indeks* ukara gatra Banjur pethikan geguritan kang nuduhake *simbol* awujud tembung ‘roti’, ‘trasi’, lan ‘rejeki’ nuduhake yen roti karo trasi kalebu rejeki, pangkat, lan jabatan sajrone bebrayan, dene rejeki durung mesti roti lan trasi.

kucing kerah rebutan roti
tengah ratri, asu baung
njarah rayah trasi
kucing mati kampul-kampul ana kali
sawise kalah rebutan rejeki

laler laler
rebut dhucung asung pawarta
pesta andrawina
(PGRPN, grt 2-10)

Donya politik saiki akeh manekah cara kang ditindakake kanggo nggayuh jabatan lan kedhudhukan. Akeh wong sing nganti utang kanggo bandha amrih bisa sukses, kaya ta nalika pamilihan DPR, gubernur, lan presidhen. Padha rebut jabatan lan panguwasa kanthi ngiming-iming janji-janji kang durung mesthi bisa dilakoni. Nalika wis menang, bunga atine, nanging nalika kalah susah atine, nganti njalari ora eling karo kaluwargane. Kadang nganti bunuh dhiri amarga kalah lan ora oleh apa sing dikarepake. Ukara gatra ‘mati kampul-kampul’ kang nuduhake gegambaran kahanane wong sing kalah nalika kalah nalika rebutan rejeki. Banjur laler-laler kang mangan bathange minangka gegambaran wong sing seneng nalika kucing mati utawa musuh nalika rebut jabatan mau kalah. Wong sing seneng nyebar warta ngenani kekalahane musuhne mau lan malah seneng-seneng nggawe acara pesta kanthi mangan dan ngombe sing enak-enak.

Kabeh kang diandharake pangurit ing geguritan PNG mau bisa kajupuk piwelinge yen aja nganti gendheng gara-gara urusan donya. Donya iki mung titipan saka Gusti Kang Kuwasa. Kapan wae bisa dijupuk kanthi kuwasane Gusti ora perdhuli enom, tuwa, sugih, lan mlarat. Semana uga karo jabatan ing donya iki bisa wae kajupuk dening Gusti kanthi carane sing ora bisa diira-ira.

Dhiskusi Asiling Panliten

Asile panliten kang wis dijilentrehake ing dhuwur perlu didhiskusiake. Jlentrehan panliten kang dhatene arupa ukara, ukara gatra, lan tembung ing ndhuwur perlu ditandhingake karo andharan para panliti basa Jawa kang wis diandharake ing bab II. Para panliti kasebut ngrembug prakara wujud, struktur geguritan, lan makna tandha (semiotik). Adhedhasar asile panliten, konsep ngenani wujud lan struktur geguritan selaras karo andharane para panliti basa sadurunge, antarane yaiku pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewanning basa, lan *citraan*. Dene teori makna tandha (semiotik) panliten iki uga salaras karo salah sawijine andharane panliti basa Indonesia sadurunge, nanging ana saperangan kang beda karo panliten iki.

Teori semiotika kang digunakake panliten iki yaiku teori semiotika miturut Charles Sanders Peirce. Sadurunge medhar teori kasebut panliten iki njlentrehake wujud geguritan dhisik kanggo pengantar lan panyengkuyung tujuwan panliten kang kapindho. Analisis wujud geguritan awujud analisis struktur geguritan. Mula analisis wujuding geguritan minangka cara karo kapisan kang ditindakake. Tugas analisis struktur yaiku mbongkar unsur-unsur kang kinandhut sajrone karya sastra. Analisis wujuding geguritan diwiwiti kanthi analisis pamilihing tembung (*diksi*) sajrone geguritan. Pamilihing tembung sajrone geguritan diarani *diksi* (sajrone Pradopo, 1993: 14. Saka asil

panliten ing ndhuwur pamilihing tembung awujud tembung-tembung basa Jawa anyar, panggurit uga nyampurake tetembungan basa kawi kanggo nuwuhake kaedahane geguritan.

Banjur kang kapindho analisis *retorika* lan lelewanning basa sajrone geguritan. *Retorika* salah sawijine sarana kepuitisan kang nuduhake gambaran pikiran pengarang tumrap pamaca. Sarana retorika bisa nyethakake kahanan sajrone geguritan, akibate pamaca uga bisa ngrasakake kahanan sajrone geguritan mau. Saka asil panliten ing ndhuwur, wujud sarana *retorika* ing antarane yaiku *retorika tautologi, personifikasi, enumerasi, pleonasme, hiperbola, lan paralelisme*. Dene lelewanning basa yaiku susunan tembung kang dumadi krana pangrasa sing tuwuh utawa dirasakake dening pengarang, kang bisa nuwuhake pangrasa tartamtu tumrap pamaca. Wujud lelewanning basa sajrone panliten iki yaiku awujud purwa kanthi guru sastra (*aliterasi*), purwakanthi guru swara (*asonansi*), lan purwakanthi guru lumaksita.

Banjur kang katelu analisis *citraan*, Altenbernd (sajrone Pradopo, 1993: 80-81) ngandharake yen *citraan* yaiku gambaran-gambaran sajrone pikiran lan basa, dene saben gambaran pikiran diarani citra utawa imaji (*image*). Miturut asli panliten, geguritan-geguritan kang dianalisis ngandhut *citraan kinaesthetic, citraan organic, citraan pangambu, citraan pangrungu, citraan paningal, lan citraan pangecap*. Sawise dijilentrehake unsur laire, sabanjure analisis sistem tandha miturut Charles Sanders Peirce sing kebak makna kang kinandhut sajrone geguritan.

Sistem tandha miturut Peirce awujud trikotomi tandha kaperang dadi telu. Trikotomi kapisan sesambungan karo *represantamen* diperang dadi telu awujud *Qualisign*, wujud kualitas kang ana ing tandha, kaya ta: tembung-tembung kasar, alus, banter, lan lirih. *Sinsign*, wujud eksistensi aktual barang utawa kedadeyan kang ana ing tandha lumantar realitas fisik, kaya ta: tembung buthek kang ana ing urutan tembung banyu kali buthek kang menehi tandha yenrampung udan. Banjur *legisign*, wujud norma kang kinandhut ing tandha, kaya ta: rambu-rambu lalu lintas kang menehi tandha ngenani prakara kang oleh lan ora oleh ditindakake manungsa.

Trikotomi kapindho sesambungan karo objek diperang dadi telu awujud *ikon*, sesambungan antara tandha lan acuane bisa nuwuhake sesambungan kemiripan. *Indeks*, sesambungan antarane tandha lan acuane bisa nuwuhake sesambungan *eksistensi*. Sesambungan *indeks* bisa nuduhake anane sesambungan alamiah antarane tandha lan petandha kang asipat kausal utawa sesambungan sebab-akibat, utawa tandha kang langsung nuduhake ing kanyatan. Tuladhane yaiku *beluk* minangka tandha anane geni. Banjur *simbol*, sesambungan karo wis awujud kanthi konvensional, yaiku tandha kalebu kasil kasepakatan masyarakat. Tuladhane tembung ‘kursi’ yaiku simbol kang asil saka konvensi, geneya ‘kursi’ ora diarani ‘gedhang goreng’, perkara kasebut kalebu kasepakatan sajrone masyarakat kang asipat arbitrer (Kaelan, 2009: 196-197).

Trikotomi katelu sesambungan karo *interpretant* diperang dadi telu awujud *rheme*, tandha sing bisa

ditafsirake gumantung pilihan *interpretan*. Kaya ta, wong sing abang mripate, bisa wae menehi tandha yen wong iku bar nangis, wong sing lagi nesu, lagi lara mripat, utawa kurang turu. *Dicent*, tandha kang miturut kayatan. Kaya ta, yen ing salah sawijine dalan sering ana kecelakaan, mula ing pinggir dalan bakal dipasang rambu lalu lintas kang menehi tandha yen ing dalan iku sering ana kecelakaan. Banjur *argument*, tandha kang menehi pawadan ngenani samubaran. Tuladhane, yen ana rambu lalu lintas kang menehi tandha yen ing dalan iku sering ana kecelakaan, mula yen numpak kendharaan kudu ngati-ati.

Sawise jlentrehake wujud geguritan lan sistem tandha, bisa ngasilake tujuwan kang katelu saka panliten iki kang awujud titikan geguritan Suharmono K. Miturut asil panliten, titikan kang ditemokake cacahe ana papat (4), ing antarane yaiku: 1) basa kang digunakake Suharmono nulis geguritan sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi*, awujud basa Jawa anyar lan basa kawi. 2) geguritan anggitane Suharmono ora ngugemi tata panulisan ukara manut paramasastra kang kasebut *Licentia Poetica*. 3) gaya sajrone geguritan anggitane Suharmono, nalika nulis geguritan Suharmono nggunakake gaya utawa *style* sing apik. Panggurit milih tembung-tembung kang bisa nuwuhake kaendahan sajrone geguritan. Nalika nggambareke kahanan kang dicritakake panggurit ora kanthi langsung nggambareke kanthi gamblang, utawa bisa diarani nggunakake gaya pasemon. 4) tandha lan makna sajrone Geguritan anggitane Suharmono K, Geguritan anggitane Suharmono K kebah tandha kang ngandhut makna.

Adhedhasar asil panliten, analisis wujud utawa struktur karya sastra bisa meneheni panyengkuyung kanggo nganalisis sistem tandha sajrone geguritan. Analisis struktur bisa medhar pamilihing basa (*diksi*), *retorika* lan lelewanning basa, lan *citraan* kang bisa dadi sistem tandha sajrone geguritan mau. Saka analisis wujud lan sistem tandha mau, bakal bisa nuduhake nile estetika lan kaendhanane geguritan. Banjur bisa nuduhake asil saka tujuwan katelu yaiku ngasilake titikan geguritan Suharmono lan bisa menehi kawruh ngenani isi saka geguritan kasebut.

PANUTUP

Sajrone bab panutup iki bakal kaandharake dudutan lan pamrayoga. Dudutan kang dimaksud tamtu ana sesambungan karo underan sajrone panliten kang wis diandharake ing bab IV. Andharan pamrayogi nduweni tujuwan minangka pramayoga tumrap trikotomi tandha minangka tinthingan semiotika sajrone reriptan sastra, kanthi pangajab supaya panliten sabanjure bisa luwih sampurna.

Dudutan

Saka andharan kang wis dijlentrehake bisa kajupuk dudutan menawa sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K nduweni kuwalitas mirunggan. Panliten iki bisa dijlentrehake kanthi cetha saka wujud geguritan sajrone Antologi Geguritan *Kidung Lingsir Wengi*, kang diandharake

wiwit saka pamilihing tembung, *retorika* lan lelewanning basa, sarta *citraan*. Wujud pamilihing tembung yaiku tembung-tembung sing wis kapilih dening pengarang sing bisa ndadekake geguritan katon endah. Bisa awujud tembung kang ngandhut teges konotasi. Wujud *retorika* lan lelewanning basa kaya ta *retorika tautologi*, *pleonasme*, *enumerasi*, *paralelisme*, *hiperbola*, lan *personifikasi*, dene lelewanning basa awujud purwakanthi guru sastra, purwakanthi guru swara, lan purwakanthi guru lumaksita. Banjur wujud *citraan* kaya ta *citraan* pangambu, paninggal, pangrungu, lan pangecap.

Analisis wujud geguritan kasebut kanggo panyengkuyung nalika medhar trikotomi tandha. Limalas (15) geguritan kang makili geguritan sajrone Antologi Geguritan *Kidung Lingsir Wengi* anggitane Suharmono K ngandhut trikotomi tandha miturut Charles sander Peirce. Geguritan-geguritan kasebut kang irah-irahan *Panguripan*, *Kekidungan*, *Sampak Ponoragan*, *Mecaki Dalam Kasetyan*, *Wus Wancine*, *Dukuh Kupang*, *Layang*, *Wus*, *Werdine Suket lan Jati*, *Trubusa Lung-lungku*, *Ziarah*, *Wektu*, *Jenengku Aceh*, *Sinkretisme*, lan *Surabaya*. Trikotomi tandha kaperang dadi telu. Trikotomi kapisan sesambungan karo *represantamen* diperang dadi telu awujud *Qualisign*, *Sinsign*, lan *legisign*. *Qualisign*, wujud kualitas kang ana ing tandha, kaya ta: tembung-tembung kasar, alus, banter, lan lirih. *Sinsign*, wujud eksistensi aktual barang utawa kedadeyan kang ana ing tandha lumantar realitas fisik, kaya ta: tembung buthek kang ana ing urutan tembung banyu kali buthek kang menehi tandha yenrampung udan. Banjur *legisign*, wujud norma kang kinandhut ing tandha, kaya ta: rambu-rambu lalu lintas kang menehi tandha ngenani prakara kang oleh lan ora oleh ditindakake manungsa.

Trikotomi kapindho sesambungan karo objek diperang dadi telu awujud *ikon*, *indeks*, lan *simbol*. *Ikons*, sesambungan antara tandha lan acuane bisa nuwuhake sesambungan kemiripan. *Indeks*, sesambungan antarane tandha lan acuane bisa nuwuhake sesambungan *eksistensi*. Sesambungan *indeks* bisa nuduhake anane sesambungan alamiah antarane tandha lan petandha kang asipat kausal utawa sesambungan sebab-akibat, utawa tandha kang langsung nuduhake ing kanyatan. Tuladhane yaiku *beluk* minangka tandha anane geni. Banjur *simbol*, sesambungan kang wis awujud kanthi konvensional, yaiku tandha kalebu kasil kasepakatan masyarakat. Tuladhane tembung ‘*kursi*’ yaiku simbol kang asil saka konvensi, geneya ‘*kursi*’ ora diarani ‘*gedhang goreng*’, perkara kasebut kalebu kasepakatan sajrone masyarakat kang asipat arbitrer (Kaelan, 2009: 196-197).

Trikotomi katelu sesambungan karo *interpretant* diperang dadi telu awujud *rheme*, *dicent*, lan *argument*. *Rheme*, tandha sing bisa ditafsirake gumantung pilihan *interpretan*. Kaya ta, wong sing abang mripate, bisa wae menehi tandha yen wong iku bar nangis, wong sing lagi nesu, lagi lara mripat, utawa kurang turu. *Dicent*, tandha kang miturut kayatan. Kaya ta, yen ing salah sawijine dalan sering ana kecelakaan, mula ing pinggir dalan bakal dipasang rambu lalu lintas kang menehi tandha yen ing dalan iku sering ana kecelakaan. Banjur *argument*, tandha kang menehi pawadan ngenani samubaran. Tuladhane, yen ana rambu lalu lintas kang menehi tandha yen ing

dalan iku sering ana kecelakaan, mula yen numpak kendharaan kudu ngati-ati.

Andharan ngenani wujuding geguritan lan trikotomi tandha sing kinandhut sajrone geguritan anggitane Suharmono K, bisa nuduhake titikan saka geguritan anggitane Suharmono K sajrone antologi geguritan *Kidung Lingsir Wengi*, yaiku Suharmono K nggunakake basa Jawa anyar lan basa kawi sajrone geguritane, geguritan anggitane Suharmono K ora kaiket karo paugeran kaya dene tembang, Suharmono K ora ngugemi tata panulisan ukara manut paramasastra kang kasebut *Licentia Poetica* sajrone geguritane, Suharmono K prigel anggone ngolah basa lan nggunakake pamilihing tembung, retorika, lelewanning basa, lan *citraan* kang , geguritan anggitane Suharmono K uga kebak tandha kang nduweni makna.

Saka titikan kang diandharake mau bisa dimangertenin yen Suharmono K kalebu sastrawan kang prigel anggone ngolah basa sajrone karya sastra. Geguritan kebak makna-makna kang sumirat. Yen kepengin ngonceki luwih jeroh ngenani isi saka guritan mau, pamaca kudu maca kanthi bola-bali, lan negesi saben tetembungane kanthi di gayutake karo tembung utawa unsur liyane. Sawise ditegesi saben geguritan, mesti ngandhut amanat sing pengin di andharake dening panggurit marang pamaca. Amanat kuwi bisa awujud pitutur utawa piweling kang becik. Mula karya sastra iki salah sawijine medhia kita kanggo sinau ngenani samubarang sing ana sajrone bebrayan agung.

Pramayoga

Panliten iki mung mung ngrembung saperangan perkara wujuding geguritan kang digayutake karo sistem tandha miturut Charles Sanders Peirce sajrone antologi geguritan anggitane Suharmono K. Aspek liyane kang gegayutan karo wujuding geguritan lan sisitem tandha sajrone geguritan isih durung dianalisis lan dijilentrehake kanthi gamblang. Panliten sabanjure kang selaras bisa diandharake kanthi rinci, pepak, lan cetha, amrih ndadekake asil panliten kang luwih becik lan menthes. Saengga bisa nambah pamawas tumrap pamaca sajrone nyinaoni babagan basa lan kasusastran Jawa, mligine ing babagan geguritan. Kajaba iku uga bisa ngrembakake teori semiotika sajrone kasusastran Jawa, mligine teori semiotika Charles Sanders Peirce tumrap geguritan. Panulise panliten iki uga bisa nambah kawruh tumrap mahasiswa sing sinau babagan ilmu basa lan kasusastran.

KAPUSTAKAN

- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta. Bumirestu
- Irfandi, Achmad. 2015. "Lirik Lagu Pramuka: Kajian Semiotika Charles Sanders Peirce". Skripsi ora diterbitake. Surabaya, Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Surabaya
- Kaelan. 2009. *Filsafat Bahasa Semiotika dan Hermeneutika*. Yogyakarta: Paradigma
- Kasiyun, Suharmono. 2013. *Kidung Lingsir Wengi*. Lamongan: Sarana Pustaka Jawa

- Keraf, Gorys. 2005. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Kusmiati, Nurwula. 2013. "Aspek Semiotik Sajrone Antologi Geguritan Alam Sawegung Anggitane Sudi Yatmana". Skripsi ora diterbitake. Surabaya. PBSD, FBS. Universitas Negeri Surabaya
- Laginem, dkk. 1996. *Macapat Tradisional Dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat pembinaan dan Pengembangan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Noth, Winfried. 2006. *Semiotik*. (diterjemahake dening Dharmojo, Jumadi, Eti Setiawati, Aleda Mawene, lan Abd Syukur Ibrahim (Ed)). Surabaya: Airlangga University Press
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Padmoseokotja, S. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Jakarta
- Poerwadarminta, W.J.S 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia. J.B. Wolters
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1993. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Metode, Teknik, Teori Penelitian Sastra*. Yogyakarta
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Situmorang, B.P. 1983. *Puisi; Teori Apresiasi Bentuk dan Struktur*. Flores: Nusa Indah
- Sumardjo, Jakob. Saini K.M. 1986. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2016. *Sastra Jawa Klasik; Antara Kreasi dan adaptasi*. Surabaya. Bintang
- Widati, Sri dkk. 2001. *Ikhtisar perkembangan sastra Jawa Modern Priode Prakemerdekaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Wikipedia.org. *Geguritan*. (online). <https://jv.wikipedia.org/wiki/Geguritan>. (diakses tanggal 7 September 2016)